

Èske w vle yon lavi tou nèf?

***'Seyè a di: 'M'ap mete lòt santiman nan kè
nou. M'ap mete lòt lide nan tèt nou.'***

(Ezekyèl 36:26)

Peter Walker
www.1peter1three.weebly.com

Pou Tammy ak Tanp lan

Epi tou pou ou, lektè a

Entwodiksyon

Èske w fatige ? Èske ou ta renmen pou ta ka rekòmanse lavi ou ?

Èske ou ta renmen pou ta ka retire bagay ou te di, ak bagay ou te fè ?

Èske kè ou brize ?

Èske moun fè ou mal, epi ou ta renmen pou ta ka bliye sa ?

Èske ou fè moun mal, epi ou ta renmen pou ta ka bliye sa ?

Jezi, ki se Bondye, vin sou tè a pou l sove ou. Li te pran tout peche nou yo ak soufrans ak doulè nou yo, epi li te mouri avèk li sou kwa a.

Jezi resisite pami mò yo epi li ofri w – *jodi a* – yon lavi tou nèf, yon lòt kòmansman. Li ofri w padon pou peche w, epi tou li geri w de sa lòt moun te fè w.

Èske ou vle yon lavi tou nèf ?

Rete poukont ou ak Bondye

Nou bezwen pran yon lòt chemen. Nou bezwen rete poukont nou ak Bondye.

Petèt jodi a ou pral gen yon chans pou fè sa. Li trè senp, men li kapab difisil tou pou fè chwa sa.

Pa egzanp, zanmi w yo ta ka rele w pou w ale yon kote. Li ta ka pa yon bon lide pou ale. Sa a se yon bon moman pou chwazi yon chemen diferan. Ou ka senpleman rete lakay ou, oswa ale yon lòt kote poukont ou.

Lè nou pran yon ti moman pou n rete poukont nou ak Bondye, Jezi pral rankontre nou la. Men, nou dwe *chwazi* fè sa. Nou dwe sakrifye yon bagay pou sa.

Nou dwe di '*non*' a yon sèl bagay, epi '*wi*' a Jezi. Nou dwe rete poukont nou avèk li volontèman.

Èske w ka rete poukont ou ak Bondye ? Ki kote ak ki lè ou ka fè sa ?

Ki sa ou ka di '*non*' a li, pou ou ka rete poukont ou ak Bondye pou yon ti tan ?

Jezi rankontre w isit la

Lè nou pran yon ti moman pou nou rete poukont nou ak Bondye, Jezi pral rankontre nou isit la pa Lespri li.

Jezi te vini ban nou **yon lav itou nèf**, ak **yon lòt chemen nan lavi**. Èske ou vle sa ? Èske ou bezwen sa ?

Li kòmanse ak chwa ou. Ou bezwen chwazi Jezi. Ou bezwen vle lavi li ofri ou a.

Ou bezwen tou dispoze pou sispann fè bagay ke ou konnen ki pa bon, ki se peche. Yo rele sa 'repanti'.

Èske gen de bagay ke w ap fè, ke ou bezwen sispann fè ?

Sa ka fè w pè pou sispann fè de bagay, oswa sispann rankontre moun. Li ka fè w santi w poukont ou. Men, se konsa nou rete poukont nou ak Bondye. Nou bay moun ak bagay ki pa bon vag. Epi se la Jezi rankontre nou pa Lespri li.

Èske w ka santi Lespri l avè w kounye a ?

Kite Jezi rantre

'Jezi te di: 'Koute. Men mwen kanpe la devan pòt la, m'ap frape. Si yon moun tande vwa m', si l' louvri pòt la ban mwen, m'a antre lakay li.' (Revelasyon 3:20)

Si w pare pou w kite Jezi rantre, men yon priyè ou ka adrese l kounye a.

Priyè:

Chè Jezi, mwen bezwen w. Mwen bezwen yon lavi tou nèf. Mwen bezwen yon lòt chemen nan lavi m. Tanpri ede m '.

Jezi, mwen fè de bagay ki pa bon. Mwen regrèt yo. Mwen mande w padone m pou peche m. Mwen mande w ede m pa fè bagay sa yo ankò. Mwen mande ou pou ban mwen yon lòt chemen, chemen ou an.

Jezi, tanpri geri kè m' ki brize. Tanpri, ban mwen yon lòt lespri, yon lòt kè.

Jezi, tanpri ouvè yon lòt wout pou mwen. Tanpri ede m rankontre lòt disip Jezi yo, epi pou m bati yon lavi tou nèf avèk ou.

Nan non Jezi mwen priye, amèn e amèn !

Fè pa yo

Zanmi mwen, si ou te priye epi mande Jezi padon li, pou lav itou nèf li a, li te sove ou !

Sa a se vre, li te pwomèt li ! Gade sa li te di:

‘Jezi te di: ‘Yon moun ki koute pawòl mwen, ki mete konfyans nan moun ki voye m' lan, l'ap gen lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap kondannan li. Li deja soti nan lanmò, li antre nan lavi.’

(Jan 5:24)

Ou te pase a yon vi tou nèf nan Jezi !

Gade vèsè sa a tou:

‘Jezi te di: ‘Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou.’

(Matye 11:28)

Ou vin jwenn Jezi, li la avèk ou kounye a. Li sove ou. Li mete Lespri li nan ou. Li fè ou vin pitit li.

‘Pou fè nou wè nou se pitit li tout bon, Bondye te voye Lespri Pitit li a k'ap rele: Papa, nan kè nou.’

(Galasi 4:6)

Kounye a li lè pou nou kòmanse mache nan lòt chemen lavi sa a ak Jezi !

Konfyans

Kounye a, zanmi m, premye pa pou w fè, se konfyans. Ou bezwen fè Jezi konfyans.

Sa a se yon bagay pwofon. Li fon nan kè ou.

Ou pa vrèman konnen ki kote Jezi pral mennen ou, e petèt ou ka on ti jan pè. Pa egzanp, èske w pral pèdi zanmi ? Èske w pral pèdi lajan oswa yon kote pou w rete ?

Pa enkyete w !

Si w fè pa sa yo nan lòt chemen Jezi a, li avèk ou.

Se konsa, si ou konnen ou pa ta dwe ale yon kote jodi a, oswa rankontre ak kèk moun, jis pa fè sa ! Rete kote ou ye oswa ale yon kote ou kapab jwenn ak bon moun. Oswa jis ale yon kote ou ka poukont ou ak Bondye.

Jezi ap beni w pou sa. Jezi ap ba w tout sa ou bezwen - *manje,abri, bon moun.*

Si w fè Jezi konfyans, epi w fè wout li a, l ap beni w.

Èske ou ka fè sa ? Èske w ap fè sa ? Fè Jezi konfyans.

Mande padon

Èske gen yon bon moun ou konnen - tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi - ki ta ka ede w ?

Petèt ou bezwen mande yo padon pou mal ke ou fè yo. Petèt ou bezwen mande yo padon poutèt ou vòlè afè yo.

Pafwa gen moun nan lavi nou, epi yo ka ede nou kounye a, men nou te fè yo mal. Se konsa nou panse ke nou pa gen pèsonn, men anreyalite nou jis bezwen mande kèk moun padon. E si nou te fè sa, yo t ap ede nou, yo t ap la pou nou.

Èske gen yon bon moun nan lavi ou, yon moun ou konnen ki renmen ou epi ou ka fè konfyans ? Èske gen yon moun ou ka al mande l èd ?

Yon fwa yon nèg te di m li pa gen okenn moun, epi li pa gen okenn kote li te kapab ale. Men, apre sa, li te reflechi yon minit epi li di, *'Oke, si mwen mande grann mwen padon, mwen konnen l ap kite m vin lakay li.'*

Mwen mennen l lakay grann li. Li mande l padon devan pòt la, epi grann li te akeyi l pou l rekòmanse.

Èske ou bezwen èd ?

Petèt ou gen yon pwoblèm ak dwòg ? Petèt yon pwoblèm ak vòl, oswa sèks ak relasyon ?

Èske ou bezwen netwaye tèt ou ? Èske ou bezwen èd ?

Mwen te ede yon dam rantre nan yon pwogram ki ta pral dire 9 mwa. Li te pran m yon mwa pou mete l nan pwogram sa a, ak anpil lajan ak tan. Li abandone apre 1 jou. Li jis ale konsa. Mwen te pèdi anpil, e li menm tou.

Èske gen moun ki te eseye ede w, men ou te gaspiye èd yo ? Petèt ou bezwen mande padon pou sa a.

Si w bezwen èd, ou bezwen pi fò pou w jwenn li. Ou bezwen pran angajman a 100%.

Jezi ka ba w fòs sa a nan kè w, nan kò w. Si ou priye epi mande Jezi fòs la, l ap bay li.

Apre sa, ou di yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon travayè sosyal oswa yon ofisye pwobasyon, ke ou pare pou yo ede w. Ou pare pou netwaye tèt ou.

Sa a se yon gwo pa. Ou ka fè li. Jezi avèk ou.

Tan ak Bondye chak jou

Jezi avèk ou *TOUT* jounen, chak jou. Men, nou bezwen dedye yon ti tan pou n rete poukont nou avèk li.

Chak maten mwen bwè yon tas kafe, epi mwen chita trankil ak Jezi pandan apeprè 10 minit. Mwen fon ti li nan Bib la, epi mwen priye li. Mwen fè ti pale tou ba ak li. Sa a se tan espesyal mwen avè l.

Kounye a, rès jounen an m ap priye l souvan. Men sa diferan. Sa se tan ak Jezi '*sou wout la*', si ou konprann sa m vle di a.

Li enpòtan pou w jwenn 5 oswa 10 minit chak jou, ou chita poukont ou ak Jezi pou yon tan espesyal ak li sèlman.

10 paj kap vini yo se pou ede w fè sa. Chak paj ba w yon vèsè pou w li, yon espas pou w ekri panse w, ak yon lapriyè pou w priye.

Si w fè 10 paj sa yo pandan 10 jou kap vini yo, w ap wè bagay k ap pase nan lavi w. Ou pral konnen Jezi pi byen, epi w ap wè l k ap aji nan lavi w.

Èske w pare pou w ale ? Èske w pare pou w grandi ? Èske ou gen yon plim pare ?

OK, annale...

1ye jou: VRÈ LAPÈ

‘Jezi te di: ‘M'ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p'ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn.’

(Jan 14:27)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

***Chè Jezi, tanpri ban mwen kalte lapè ou.
Tanpri, ban mwen lapè tankou yon rivyè nan
nanm mwen. Mwen bezwen lapè Bondye. Nan
non Jezi, amèn !***

2yèm jou: REPANTI

‘Jezi te di: ‘Si nou renmen m’, se pou n’ obeyi kòmandman m’ yo.’

(Jan 14:15)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, ede m obeyi kòmandman w yo. Ede m vire do m ale, kite move bagay ak move moun. Nan non Jezi, amèn !

3yèm jou: LEGLIZ

‘Jezi te di: ‘Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m’ap la nan mitan yo.’

(Matye 18:20)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, ede m rankontre ak lòt Kretyen chak semèn. Ede m jwenn yon bon legliz, epi ban m fòs pou m ale. Nan non Jezi, amèn !

4yèm jou: SAJÈS

Bib la di: 'Travay ak men nou... nou p'ap rete sou kont pesonn.'

(1 Tesalonik 4:11-12)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, tanpri ede m jwenn yon travay onèt. Ede yon moun fè m konfyans, epi ban m yon chans pou m travay epi gaye lavi. Nan non Jezi, amèn !

5yèm jou: **KREDIB**

‘Jezi te di: ‘Men, lè w'ap pale se wi ak non pou ou genyen ase.’

(Matye 5:37)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, ede m pou m onèt. Ede m di laverite pou moun ka fè m konfyans. Nan non Jezi, amèn !

6yèm jou: LESPRI AN SANTE

Bib la di: 'Metè lide nou sou bagay ki bon, ki merite lwanj: bagay ki vre, ki kòrèk, ki dwat, ki bèl, ki p'ap fè nou wont.'

(Filip 4:8)

Ki sa w panse de vèsè sa a? Konsidere bagay ou gade sou Entènèt, ou gade sou telefòn ou, mizik ou koute... Ekri panse ou yo la a:

Lapriyè:

Chè Jezi, ede m pa gade sa ki mal, pou m panse epi pale sa ki vrè, pou m ranpli kè m ak lespri m ak bonte. Nan non Jezi mwen mande sa, amèn !

7yèm jou: REPO POU LESPRI OU

***‘Seyè a se gadò mwen... Kote zèb yo pi bèl,
se la li fè m' pran repo. Kote dlo a koule poze,
se la li mennen m' bwè. Li fè m' reprann fòs.’***
(Sòm 23)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

***Chè Seyè Jezi, mèsì paske w ban mwen repo.
Mèsì paske w mennen m kote ki trankil pou m
ka avèk ou poukont mwen. Nan non Jezi,
amèn !***

8yèm jou: YO RENMEN W

Men sa Bondye di de ou: 'Mwen te konnen ou anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman ou. Mwen te mete ou apa pou mwen anvan menm ou te fèt. Se mwen ki konnen sa m' gen nan tèt mwen pou nou!'

(Jeremi 1:5; 29:11)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, mèsi pou lanmou ou gen pou mwen. Mèsi pou bon plan ou gen pou mwen. Mwen vle toujou mache avèk ou. Nan non Jezi mwen priye, amèn !

9yèm jou: **AKSYON !**

‘Jezi te di: ‘Konsa, moun ki tande pawòl mwen fenk sot di a, epi ki fè sa mwen mande li fè a, l’ap tankou yon moun lespri ki bati kay li sou wòch.’

(Matye 7:24)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, mwen reyèlman vle swiv ou ! Mwen vle mete lafwa mwen an aksyon epi bati yon lavi solid kòm Kretyen. M ap mande w èd ou pou m fè sa, nan non Jezi, amèn !

10yèm jou: BIB LA

‘Jezi reponn yo: ‘Nou nan lerè wi. Nou pa konprann sa ki ekri nan Liv la, ni nou pa konnen pouvwa Bondye.’

(Matye 22:29)

Ki sa w panse de vèsè sa a ? Ekri yo la:

Lapriyè:

Chè Jezi, tanpri ede m li Bib la epi reyèlman konprann li ak pouvwa Bondye a. Fè l fasil pou m li l, epi ede m sonje l. Mwen mande sa nan non Jezi, amèn !

Dènnye pawòl yo

Èske w bezwen yon Bib ? Mwen sijere w ale nan yon legliz ki tou pre epi mande yo si yo ta ka ba ou youn, oswa si ou ta ka peye pou youn.

Mande yo youn ki fasil pou li

Tanpri fè pa yo pou swiv Jezi ! Ale legliz chak semèn si ou kapab. Retire move moun nan lavi w. Elimine move 'kontni' nan lavi ou - tankou pònografi, move fim, move mizik.

Mande Bondye pou I kondi w sou chemen bon moun k ap suiv Jezi. Li Bib ou chak jou, priye, epi adore. Jwenn bon mizik adorasyon epi koute, chante I.

Jwenn yon travay ki bon. Pa yon travay nan mitan lannwit oswa yon kote ki pa an sekirite, si ou kapab.

Fè bon chwa. Mete konfyans nou nan Jezi. Mache avè I. Lapriye epi chante pou li. Sentespri li nan ou. Ou se pitit Bondye kounye a. L' ap toujou gide w.

Bondye te pwomèt,
***'Se tout tan m' a va moutre nou chemen pou
nou pran.'***

(Ezayi 58:11)

Pou plis enfòmasyon sou fason pou swiv Jezi,
tanpri vizite:

www.1peter1three.weebly.com



Ekri panse ou ak lapriyè la:

Ekri panse ou ak lapriyè la:

Ekri panse ou ak lapriyè la:

Ekri panse ou ak lapriyè la:

Ekri panse ou ak lapriyè la:

Ekri panse ou ak lapriyè la: